



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 17 avril 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON TANTATIV KONTRA TRAVAY AVÈK OTORITE TRANSPÒTASYON METROPOILTEN AK TRAVAYÈ TRANZIT SENDIKA LOKAL 100

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Prezidan Otorite Transpòtasyon Metropolitan (MTA) Tom Prendergast, ak Travayè Tranzit Sendika (TWU) Lokal 100 Prezidan John Samuelsen jodia te anonse yon tantativ kontra travay pou fikse yon konfli kontra ki date depi 2zan ant MTA ak TWU Lokal 100. Tantativ kontra pwoteje moun ki peye pri tikè yo pandan lap bay yon kontra senkan rezonab ak ekitab a 34,000 travayè tranzit TWU lokal 100.

“Sistèm transpò piblik la enpòtan pou vil New York, e anplwaye MTA yo se yo menm ki fè sistèm lan travay,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Yo te montre tan yo ak devouman tan yo pandan gwo tanpèt Sandy ak konsekans ki te genyen annaprè yo, travay nan kondisyon difisil pou fè sistèm la fonksyonèl nan yon tan rekò. Rezolisyon diskisyon kontra a ekitab a travayè tranzit yo, fiskalman responsab pou MTA, e li pa p gen enpak sou tarif yo. Mwen remèsye Prezidan John Samuelsen, ki te lite avèk achanman pou manm li yo men egalman li te sousye pwofondeman sou sistèm lan ak kantite pasaje yo, e Tom Prendergast ki gen devouman kontinyèl a sistèm tranzit la ki fè de li menm lidè ideyal nan MTA.”

TWU Lokal 100 Prezidan John Samuelsen te deklare, “Sa a se yon kontra jis ak ekitab pou travayè tranzit yo. Kontra a sekirize ogmantasyon nan chak ane kontra, avèk peman retroaktif konplè ak bay peman istorik konje patènite ak matènite, ansanm avèk amelyorasyon enpòtan a pake benefis manm swen sante, dan ak zye. MTA se yon pati enpòtan nan vil sa a e mwen kontan pou m prezante yon kontra a manm yo ki rekonèt travay san relach yo, angajman, ak sèvis. Mwen aplodi lamen patenarya ki te etann pa Gouvènè Cuomo e mwen apresye lidèchip li nan ede konble fose a epi mennen nou nan antant kontra sa a.”

Prezidan MTA Tom Prendergast te deklare, “Yon fwa ankò pandan twazan Gouvènè Cuomo nan administrasyon an, li te bay sipò atan pou MTA, tan sa te ede a finalize yon kontra responsab ekitab, menm jan li te ba nou ogmantasyon konsistan nan bidjè fonksyonman MTA. Finans MTA te toujou premye enkyetid nou, e kontra sa se yon kontra responsab ki rekonèt ak relete bidjè MTA sa ak lòt bidjè ki prevwa. Mwen remèsye John Samuelsen, lidè TWU Lokal 100, e yon kòlèg mwen depi lontan nan MTA, pou patenarya l pandan pwosesis sa a.”

Haitian Creole

Anba tèm kontra a, travayè TWU yo ta dwe resevwa ogmantasyon nan barèm 2% ke Gouvènè Cuomo te rive jwenn avèk kontra travay eta (1% ogmantasyon nan chak nan premye 2 ane yo, kòmanse avèk 2012, e 2% ogmantasyon nan dènye 3 ane yo). Anplwaye yo ta dwe peye yon pati nan ogmantasyon pou depans swen sante– ogmantasyon apati 1.5% a 2% pousan nan salè anplwaye – men yo ta resevwa nouvo benefis enpòtan ki gen ladan konje matènite/patènite peye, pwoteksyon swen sante pou mari oswa madam sivivan anplwaye TWU ki retirete oswa mouri, ak amelyore benefis zye ak dan.

Kontra sa a pa pral gen enpak sou tarif MTA e li pa pral akomode nan revizyon plan finansye MTA.

Tantativ akò sa a sijè a apwobasyon pa komite egzekitif TWU lokal 100 ak ratifikasyon pa manm yo ak apwobasyon ilteryè pa komite MTA.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418